

ЦЪÆХÆЙ РÆГЪÆД ДÆР – ЦÆСТÆМÆ ГÆСГÆ РÆГЪÆД, ТУХРÆСУГЪД ДÆР – ЦÆСТÆМÆ ГÆСГÆ РÆСУГЪД!..

***Недзамайнаг зундилæгтæй еу загъта: «Адæймаг æнæгъæнæ дуйне æй: æ медæгæ исхæлæмулæ 'нцæ домбаййи нифс æма хъаурæ, хæрæги фæразондзийнадæ, хуййи фурзудæ, халони гъавгæ-арæхсгæ архайд, робаси хийнæ, тикиси арæхсгæ гъавд, маймулий дзæнгæда æма страуси тæрсагæдзийнадæ...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№32 (952) 2024 анзи 31 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ФАРСТАТÆ



### НÆХЕ КУД ГЪÆУАЙ КÆНÆН, УОТÆ ÆДАСДÆР УОДЗИНАН!..

Уæрæсей æдасдзийнади Совети нимæрдар **Сергей Шойгу**, Цæгат-Кавказаг федералон зилдмæ 'рцæугæй, Нальчикки исаразта сæрмагонд æмбурд. Архайдтонцæ си Цæгат-Кавказаг федералон зилди Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин минæвар **Юрий Чайка**, зилди еугур регионти разамонгутæ. Цæгат Иристони номæй си архайдта республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Æмбурди ци ахсгиаг фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, уонæн сæ сæйрагдæртæй еу адтæй – регионти цæргути зундирахаст фесинмæ æма знаггадæхæссæг гъудитæй багъæуай кæнун. Хумæтæги имæ уæлдай лæмбунæгдæр æргом нæ раздахтонцæ. Зундгонд куд æй, уотемæй Нигулæни паддзахæдтæ æмдзæхдонæй архайунцæ уæрæсейаг æхсæнадæ ниххæлхъойтæ æма ниддехтæ кæнунбæл, сæ уодæй уод кæнунцæ, уæхæн уавæртæ си исаразун, цæмæй ами цæрæг аллихузон адæмихæттити æма аллихузон динтæ æнхæстгæнгути 'хсæн нихмæлæуди, экстремизми æма сепаратизми идеологи иситинг уа.

Æмбурди нисангонд æрцудæнцæ, нæ нихмæ архайгути информацион-психологон ракæндтити фудæй ци медбæстон тæссагдзийнæдтæ фæззиннуй, уонæн, еуемæй, сæ ирæзт бауорамуни, иннемæй ба сæ бустæги искунæг кæнуни туххæй мадзæлттæ. Уæлдай æргом раздахтонцæ, ирæзгæ фæлтæрти гъомбæладæмæ.

2

## НЕКЕ ÆЙ ИРОНХ, НЕЦИ ÆЙ ИРОНХ...

# СÆ НАМУСИ ÆНОСОН АЗÆЛД НÆ НИДÆН КÆНУЙ...



***Æрæги Дур-Дури нæуæггондæй игонгонд æрцудæй, аци гъæуæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Райгурæн бæсти сæрбæлтау ци скъоладзаутæ-тугъдонтæ фæммард æнцæ, уони номерæнæн æвæрд циртдзæвæн. Уой фæдбæл æй нæ абони дзубанди дæр.***

* * *

...Тугъд куддæр райдæдта, уотæ Дур-Дури тохунгъон нæлгоймæгти фæдесонæй ку нæхстæр кодтонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ, уæд уони хæццæ сæхе рарæвдзæ кодтонцæ гъæуи астæуккаг скъолай уæди фарæстæймаг къласи ахурдзаутæ дæр. Фал тугъдмæ æрветуни кари ке нæма адтæнцæ, уомæ гæсгæ æфсæддон комиссариати сæ фæндæбæл арази нæ кодтонцæ. Биццеутæ – лæхъуæнтæ исхонæн син нæма адтæй – уæддæр не 'рæнцадæнцæ, куддæртæй син бантæстæй сæ карæ гъæугæ хузи бавдесун… Æма син уæддæр исарази 'нцæ тугъдмæ рарветунбæл…

Уони туххæй се 'мгъæуккаг зундгонд финсæг æма публицист Æгъузарти Саукуй (1943-2013) æ рæстæги ниффинста зæрдæмæгъаргæ документалон уацау «Æносон азæлд». Æма 'й райдæдта уотемæй.

– *Бичашвили Отар!*

– *Æз!*

– *Байцати Никъала!*

– *Æз!*

– *Берити Хаджимурат!*

– *Æз!*

– *Лагконти Таймураз!*

– *Æз!*

*«Неке сæмæ кæсуй! Цума гъæуи фæстемæ хæрæггæлти гъазунмæ цæунцæ. Бабухсетæ, мæнæ топпихуаси хъуæцæмæ дзæбæх ку исæсмотайтæ, уæд уæмæ багъардзæнæй уæ фудгъезæмарæ», – даргъæлвæст фудхузцæсгон капитанæн гæгъæдийæй æ цъæх цæститæ фæххецæн æнцæ, тургъи рæнгъæй ци биццеутæ лæудтæнцæ, уонæн ма еу хатт сæ дæргъæ æма уæрхæ къахæй сæрмæ рабарста. Нецæмæй си æ зæрдæ барохс æй, цъæхæйрæгъæдтæ. Тæхун дæр ка нæма зонуй, уæхæн цæргæси бæдæлттæ. Цума еу айки хъозгъæй уасунцæ, цъæхснаг гъæлæстæ син, сагъæс кæбæл нæ федауй, уæхæн цæсгæнттæ. Капитан сæбæл нур цал хатти æрхаста æ цæстæ – цидæр дæлæмæдзудтæ, цидæр хъæдори мехтæ.*

4

## НОМЕРÆН



### «МÆ ФИДТÆЛТИ ЦИТГИЙНÆГТÆ МÆНÆН ДÆР ЦИТГИН ÆНЦÆ...»

Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладо Шириншай фурти райгурдбæл 18 августи исæнхæст æй сæдæ анзи (1924-1987). Райгурдæй Дзæуæгигъæуи ассирийаг бийнонти 'хсæн. Устур Фидибæстон тугъди архайдта 1942 анзæй фæстæмæ, адтæй тъасхæгæнæг. Тугъди фæсте цардæй Мæскуй, æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уæд æй байвардтонцæ уоми уæлмæрдтæй еуеми. Бæгъатæри ном иронх нæй æ райгурæн Иристони дæр – æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи 6-аг астæуккаг скъола. Давыдов Ладой туххæй æрмæг кæсетæ 6-аг фарсбæл.



### «ÆНЦОН НАД МИН НÆ АДТÆЙ, ÆМБАЛ, МÆНÆН...»

Кæсæг-Балхъари адæмон поэт, Социалистон Фæллойни Бæгъатæр, Кешоков Алим Пшемахи фурти райгурдбæл 22 июли исæнхæст æй дæс æма фондзинсæй анзи. Абони 'й мах уомæ гæсгæ дæр ма имисæн, æма рæстуодæй уарзтæй ин Цæгат Иристон зæрдтагон адтæй, ахид уидæ ами иуазæгуати, уæлдайдæр ба литературон бæрæгбæнтти æхцæуæнæй архайгæй. Е 'мдзæвгитæй беретæ тæлмацгонд æрцудæнцæ нæ маддæлон æвзагмæ дæр, мухургонд цудæнцæ нæ республикон газеттæ æма журналти.

Кешоков Алими туххæй æрмæг кæсетæ 7-аг фарсбæл.


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Беслæни фиццаг скъолай террористон фудракæнди исарæзтбæл инсæй анзи ке 'нхæст кæнуй, уой фæдбæл имисæн мадзæлттæ арæзт цæуй Уæрæсей берæ раугæнти дæр. Æрæги сахар Владивостоки нуриккон аййевæдти центр «Артэтаж»-и байгон æй равдист «Беслæн. Æдзæми минут». Културон фæндонти Президентон фонди агъази фæрци Владивостоки æма Дзæуæгигъæуи администрацитæн***

# НÆХЕ КУД ГЪÆУАЙ КÆНÆН, УОТÆ ÆДАСДÆР УОДЗИНАН!..

Гъæуама етæ исаразонцæ Райгурæн бæстæбæл æновуд уни æма уæрæсейаг паддзахадæдзийнади æгъдæуттæ æма фæткитæ рæстзæрдæй æнхæст кæнуни зундирахасти хæццæ.

Æмбурди архайгутæ лæмбунæг æркастæнцæ паддзахадон хецаудзийнади оргæнти, бунæттон хеунаффæйадæ æма граждайнаг æхсæнади институтти архайд ци уавæри æй, истори ракæнæ-бакæнитæй «нæуæг» кæнуни, ксенофоби æма неонацизм парахат кæнуни нихмæ 'рлæууни, традицион културон æма уодварни хуæрзæгъдаудзийнади хæзнатæ багъæуай кæнуни гъуддаги. Уой фæдбæл дзубандий рæстæг исбæрæг кодтонцæ сæйраг нæхъæртондзийнæдтæ райеуварс кæнуни мадзæлттæ. Гъæуама федералон зилди æма бæсти æхсæнадон-политикон уавæр ма фæккеуа, фал гъомусгинæй-гъомусгиндæр кæна нæ Фидибæсти хуарзæн.

Амунд æрцудæй, цæмæй фадуæттæ искæнонцæ адæймаги райрæзтæн, социалон æздæхт экономики ирæзтæн, адæми фæллойнадон архайд æма цæргути фæрнугадæн.

Уæрæсей æдасдзийнади Совети нимæрдар Сергей Шойгу Цæгат-Кавказаг федералон зилди балций уогæй, сæрмагондæй бабæрæг кодта Цæгат Иристон.

Еци рæстæг, Юрий Чайка æма Сергей Меняйло дæр æ хæццæ, уотемæй бабæрæг кодтонцæ Беслæни террористон фудракæнди ка фæммард æй, етæ кæми æвæрд æнцæ, еци мемориалон уæлмæрдтæ «Изæдти сахар», деденгути бæститæ исæвардтонцæ циртдзæвæн «Хъонци бæласæ» æма фудбæлахи бахауæг адæми ервæзун кæнгæй ка фæммард æй, еци бæгъатæр æфсæддонтæн циртдзæвæни рæбун. Куд загъта, уотемæй еци фудбæлахи ка бастъалдæй, уони ниййергути зæрдрист лæдæрд æй Уæрæсей дæр æма дуйней еугур рæстзæрдæ дзиллитæн дæр, æма хъонц кæнгæй дæр гъæуама æмзунд-æмхъаурæй архайæн, цæмæй æверхъаудзийнæдтæ æрцæунæн æгириддæр ма уа гæнæнтæ.

Дзæуæгигъæуи ба Сергей Шойгу исаразта косæг æмбурд. Архайдтонцæ си Уæрæсей Президенти Æнхæстбаргин Минæвар Цæгат-Кавказаг федералон зилди Юрий Чайка, Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло, нæ республики хецаудзийнади бæрнон косгутæ.



Æмбурди æрдзубанди кодтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути æма бийнонти социалон ефтонгади фарстатæбæл, террори нихмæ циуавæр мадзæлттæ æма куд æнхæстгонд цæунцæ, уæдта еци ахсгиагæй-ахсгиагдæр гъуддаги фæдбæл æнæмæнгæ ма ци исаразун гъæуй, уобæл. Фæббæрæг кодтонцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн, сæ бийнонтæн, ка си фæммард æй, уони хæстæгутæн уæлæнхасæн уæлбартæ, зæрдæдарæнтæ дæттуни фарстатæ.

Дзубанди ма цудæй уобæл дæр, цæмæй агъазгонд кæмæн гъæуама 'рцæуа, уонæмæ фæккæсонцæ гъæугæ документтæ æмбурд кæнунмæ, æма Уæрæсей алли регионти æхцай агъаз, субсидитæ, компенсацитæ райсуни фарста æнцондæрæй лухгонд цæуа, сæ феддонтæ син федгæй сæмæ æвæстеуатæй агъаз куд хъæрта, уотæ..

***Аци æрмæг цæттæгонд æй нæ республики Сæргълæууæг æма Хецауади пресс-служби игъосункæнуйнагмæ гæсгæ.***

## НÆ ЗИНГХУСТ АХСГИАГДÆРТÆН ХУЦАУÆЙ КОРÆН ДЗЕНЕТИ УОДÆНЦОЙНÆДЗИЙНАДÆ...



# ЗÆРДРИСТÆЙ ХЪОНЦ КÆНÆН, ИМИСÆН...

**Сентябри фиццаг æртæ боней дæргъи Цæгат Иристони арæзт цæудзæнæнцæ Беслæни террористон фудракæнди амæттæгти номерæн мадзæлттæ.**




*Нæуæг ахури анзи райдайæн рагæйдæр нæ дзиллæн – кæстæртæй ба саугæнгæ хестæрти уæнгæ – уидæ тæккæ зæрдæхцæуæндæр бæрæгбæнттæй еу. Фал нин еци цийнæдзийнадæ фегуппæг кодта, 2004 анзи 1-3 сентябри Беслæни фиццаг скъолай ци террористон фудракæндæ арæзт æрцудæй, сæдæгай сабийтæ, сæ ниййергутæ æма ахургæнгутæ, сæ хеуæнттæ кæми бастъалдæнцæ, еци æверхъаудзийнадæ нин нæ райдзаст бæрæгбон уайтæккæ æностæмæ хъонцгæнæн зинбон фестун кодтонцæ.*

*Уæдæй абони уæнгæ кæд æма инсæй анзи рацудæй, уæддæр нæ зæрдрист нæ нидæн кæнуй, нæ уодти тогæрхæнтæ асдзæгъдунцæ æма асдзæгъдунцæ… Сентябри аци фиццаг бæнттæ нæ республики иссæнцæ хъонцгæнæн æма имисæн бæнттæ. Уотæ уодзæнæй æностæмæ…*

*Куд иннæ æнзти, уотæ нур дæр арæзт æрцæудзæнæй берæ аллихузон имисæн мадзæлттæ. Уой фæдбæл нин радзубанди кодта нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг* ***Плати Альбинæ****:*

– Арæзт бабæй æрцæудзæнæнцæ, иннæ æнзти арæзт ка цæуидæ, уæхæн мадзæлттæ. Уомæн æма зæрдрист æностæмæ еци еухузон æй, хъонц дæр еухузон асдзæгъдуй. Æма нин сентябри фиццаг æртæ бони æностæмæ дæр еци еухузон додоййаг уодзæнæнцæ, имисуйнаг…

Уогæ си уодзæнæй циуавæрдæр нæуæгдзийнæдтæ дæр. Куд амæй размæ æнзти, уотæ нур дæр 1 сентябри 9 сахатти æма 15 минуттебæл «Беслæн. Скъола №1», зæгъгæ, терроризми нихмæ тохгæнæг Æхсæнадæмон културон-патриотон центри тургъи райгъусдзæнæй скъолай дзæнгæрæг. Уоми инсæй анзей дæргъи фиццаг хатт рарæнгъæ уодзæнæнцæ, уæди террористон фудракæнди рæстæги ма ка фæййервазтæй, еци скъоладзаутæ – сæ къохти сæ æдзард æмкълаконти, ниййергути, ахургæнгути къартæ, уотемæй.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба еци фудбæлахи бахаугутæ, уоми ка бастъалдæй, уони хеуæнттæ, уæдта мадзали иннæ архайгутæ бацæудзæнæнцæ, уæд фудбæлахи бахауæг адæми террористтæ кæми гъезæмарæ кодтонцæ, еци спортивон залмæ æма деденгутæ исæвæргæй си исасодздзæнæнцæ мудадзин цирæгътæ.

Зундгонд куд æй, уотемæй Беслæни террористон фудбæлахи ка фæммард æй, еци сабийти номерæнæн номдзуд итайлаг скульптор искодта скульптурæ «Къуру гъæр», æвæрд æй итайлаг сахат Сан-Мариной.

Нур ба уомæн æ къопи лæудзæнæй Беслæни дæр – кадгин уавæри игонгонд æрцæудзæнæй 1 сентябри еуæндæс сахаттебæл.

Еци бон ма æртиндæс сахаттебæл райдайдзæнæй террористон фидбилизæрцуди ка бахаудтæй, уони, уæдта си ка бастъалдæй, уони хеуæнтти хæццæ пресс-конференци.

Изæрæй 19 сахаттебæл Дзæуæгигъæуи Сæребари фæзи уодзæнæй литературон-музыкалон изæр-реквием. Архайдзæнæнцæ си Мариинаг театри филиали оркестр, зартæгæнгутæ, кæсдзæнæнцæ æмдзæвгитæ. Дуккаг бон ба арæзт æрцæудзæнæй «Тумбул стъол» – «Цæмæй цардгъон уай, уомæ гæсгæ дæ зæрдæбæл дарæ!..»

Дзубанди ма цæудзæнæй «Сурх дзиуарæ. Беслæн – мах еумæ ан», зæгъгæ, нæуæг киунугæбæл. Еци мадзæлттæ райдайдзæнæнцæ 11 сахатти æма 30 минуттебæл терроризми нихмæ тохгæнæг центри.

Æртиккаг сентябри мадзæлттæмæ хаст æрцæудзæнæй æййивддзийнæдтæ. Имисæн мадзæлттæ райдайдзæнæнцæ 13 сахатти æма 5 минуттебæл еу минут æдзæмæй ралæугæй. Уой фæсте мадзæлтти архайгутæ фестæгæй ранæхстæр уодзæнæнцæ уæлмæрдтæ «Изæдти сахармæ», фудæрцуди ка фæммард æй, уони хузти хæццæ. «Хъонци бæласи» рази исæвæрдзæнæнцæ деденгутæ æма веноктæ.

Раздæри æнзти аци уæлмæрдти имисæн мадзæлтти рæстæг гъæрæйдзорæн фæрæзни фæрци номхигъдæй фæннимайиуонцæ, террористон мадзали ка бастъалдæй, уони муггæгтæ æма нæмттæ. Еци рæстæг адæм еугурæйдæр æдзæмæй лæууиуонцæ. Аци анз еци фæткæмæ нæ республики разамонæг **Сергей Меняйлой** фæндæй хаст æрцудæй æййивддзийнадæ. Æхецæн ихæсбæл нимайуй, цалинмæ еци æдзард адæми муггæгтæ æма нæмттæ игъосун кæнонцæ, уæдмæ уæлмæрдти сæ кæстæрти, сæ хеуæнтти циртити рази ка лæудзæнæй, уонæй алке размæ дæр хецæнæй бацæун æма зæрдхъурмæй ратæфирфæс кæнун.

Уой фæсте уæлæрвтæмæ исуадздзæнæнцæ сæдæгай уорс шартæ.

Еци бон изæрæй Беслæни æвдист æрцæудзæнæй еума номимисæн концерт. Архайдзæнæй си симфонион оркестр, æ разамонæг **Махъоти Ацæмæз**.

Зæгъун ма гъæуй уой дæр, æма имисæн мадзæлтти архайунмæ нæ республикæмæ 'рбацæудзæнæнцæ федералон разамунддæттæг къабæзти, Цæгат-Кавкази Федералон зилди бæрнон косгутæ, Италий, Турки, Хорватий дзиллити минæвæрттæ.

Ахургæнæндæнттæ сæ куст райдайдзæнæнцæ, байгон кæндзæнæнцæ журналтæ, хуæрæндæнттæ косдзæнæнцæ. Еци бæнтти ахуртæ нæ цæудзæнæнцæ, фал си арæзт цæудзæнæнцæ сабурдзийнади æма хæлардзийнади Уроктæ. Нæ республики ахури нæуæг анз райдайуни фæдбæл бæрæгбони линейкитæ арæзт æрцæудзæнæнцæ 4 сентябри, Рахесфарси райони ба – 5 сентябри.

*Беслæни террористон фудракæнди фæдбæл имисæн мадзæлтти бæлвурд номхигъд ба мухур кæнæн 3-аг фарсбæл.*

**Терроризми нихмæ тохи æмвæндæдзийнади Бон бæрæггонд цæудзæнæй 3 сентябри. Уæрæсей бæрæггонд цæуй 2005 анзæй фæстæмæ.**

*фæцæй равгæ аци равдист исразунæн. Мадзал игон кæнуни рæстæги си райгъустæй, иристойнаг композитор Дзлиати Дзерассæ ци литературон-музыкалон композици «In Memoriam» ниффинста, е. Равдист игон уодзæнæй 30 октябри уæнгæ, æма си фæуунæн уодзæнæй айдагъ уæрæсейаг нæ, фал итайлаг, египтаг, азербайджайнаг æма туркказ хузæгæнгути конд уадзимистæ дæр.*



# ПЛАН

## по подготовке и проведению Дней памяти жертв террористического акта 1–3 сентября 2004 года в СОШ № 1 г. Беслана

### 1 сентября 2024 года, воскресенье

**Двор ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1»**

*Участвуют: руководители органов исполнительной власти, законодательной власти республики, АМС МО республики, Северо-Осетинской общественной организации «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана», представители общественности, гости.*

| Время | Мероприятие |
|---|---|
| 8:30-20:00 | Звучит траурная музыка.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А. |
| 8:30-20:00 | Возможны посещение ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1» с осмотром выставок, проектов, просмотр документальных фильмов, а также осмотр территории. |
| | Ответственные: Министерство культуры РСО–А. |
| 9:00 | Начало траурной церемонии.<br>Двор ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1». Все заложники в белых футболках с изображением Ангела. У них в руках фотографии погибших заложников и спецназовцев. Они стоят по классам. |
| 9:15 | Раздается школьный звонок.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район. |
| 9:15-10:00 | Первыми в зал заходят дети. После них – бывшие заложники и руководство республики, главы МО республики, представители общественности. Все присутствующие возлагают цветы, ставят свечи.<br>В храме новомучеников и исповедников российских (храме-на-крови) совершается заупокойная лития.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Владикавказская и Аланская епархия, Управление Роспотребнадзора по РСО–А, МВД по РСО–А, ГУ МЧС России по РСО–А. |
| 11:00–11:30 | Торжественное открытие копии монумента «Немой крик» скульптора Ренцо Венди.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А, Северо-Осетинская общественная организация «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана». |
| 11:30-12:00 | Акция «Дерево хаки-проект» (Дерево «Возрождение»).<br>(Дерево хаки (японская хурма) символизирует объединение людей всей Земли за мир и жизнь. Дерево – подарок от президента проекта «Дерево Хаки проект» Фолетти Франческо.<br>Ответственные: Северо-Осетинская общественная организация «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана» |
| 12:00-13:00 | Презентация проекта «Цветы Беслана», автор Нина Цуциева.<br>Ответственные: Министерство культуры РСО–А;<br>Место проведения: ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1» |
| 13:00 | Пресс-конференция пострадавших в террористическом акте 1-3 сентября 2004 года.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО–А, Министерство культуры РСО–А; Северо-Осетинская общественная организация «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана»<br>Место проведения: ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1» |
| 19:00 | Зажигаются свечи во дворе школы № 1 г. Беслана.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство труда и социального развития РСО–А. |

### 2 сентября 2024 года, понедельник

**Двор ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1»**

*Участвуют: члены Правительства РСО–А, представители Парламента РСО–А, представители МО республики, депутаты собраний представителей МО г.Владикавказ и муниципальных районов республики, гости.*

| | |
|---|---|
| 8:00– 20:00 | Звучит траурная музыка.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А. |
| 8:00– 20:00 | Возложение цветов, венков во дворе школы.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Управление Роспотребнадзора по РСО–А, МВД по РСО–А, ГУ МЧС России по РСО–А. |
| 8:00– 20:00 | Возможны посещение ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1» с осмотром выставок, проектов, просмотр документальных фильмов, а также осмотр территории.<br>Ответственные: Министерство культуры РСО–А. |
| 11:30-14:00 | Круглый стол «Помнить, чтобы жить» (по отдельной программе).<br>Презентация книги «Красный крест. Беслан, мы вместе!» общероссийской общественной организации «Российский Красный Крест» при участии председателя общероссийской общественной организации «Российский Красный Крест» Павла Савчука.<br>Ответственные: Министерство культуры РСО–А. |
| 14:00-18:30 | Показ документального фильма «Граждане Беслана» режиссера Вадима Цаликова<br>Ответственные: Министерство культуры РСО–А |
| 19:00 | Зажигаются свечи во дворе школы № 1 г. Беслан<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район,<br>Министерство труда и социального развития РСО–А |

**г. Владикавказ, площадь Свободы**

| | |
|---|---|
| 19:00–20:30 | Литературно-музыкальный вечер – реквием<br>Ответственные: АМС МО г. Владикавказ,<br>Министерство культуры РСО–А, Северо-Осетинская общественная организация «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана»<br>Место проведения: г. Владикавказ, площадь Свободы |

### 3 сентября 2024 года, вторник

**Двор ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1»**

*Участвуют: руководители органов исполнительной власти, законодательной власти республики, АМС МО республики, Северо-Осетинской общественной организации «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана», представители общественности, гости.*

| | |
|---|---|
| 8:30-20:00 | Звучит траурная музыка.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А. |
| 8:30-20:00 | Возложение цветов, венков во дворе школы.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Управление Роспотребнадзора по РСО–А, МВД по РСО–А, ГУ МЧС России по РСО–А. |
| 8:00-20:00 | Возможны посещение ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1» с осмотром выставок, проектов, просмотр документальных фильмов, а также осмотр территории.<br>Ответственные: Министерство культуры РСО–А. |
| 9:30-11:30 | Божественная литургия.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Владикавказская и Аланская Епархия. |
| 13:05 | Начало траурной церемонии.<br>Мужской голос читает стихотворение.<br>Пауза (тишина).<br>Раздаются 2 удара колокола. (в колокол бьют почетные граждане г. Беслан)<br>Объявляется минута молчания на территории РСО–А по погибшим в результате террористического акта в 1–3 сентября 2004 года в СОШ № 1 г. Беслана.<br>Звучит траурная музыка. Школьники выпускают шары.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство образования и науки РСО–А. |
| 13:20 | Переезд к мемориальному кладбищу «Город ангелов» (место сбора: Районный Дворец культуры г. Беслан) Крестный ход с портретами погибших (по согласованию)<br>Маршрут следования: Храм во дворе СОШ № 1 г. Беслан – ул.Героев – Ул. Нартовская – мемориальный комплекс «Город ангелов» Ответственные: АМС МО Правобережный район, Комитет по транспорту и дорожной инфраструктуре РСО–А, МВД по РСО–А, Владикавказская и Аланская Епархия. |

**Мемориальное кладбище «Город ангелов»**

*Участвуют: руководители органов исполнительной власти, законодательной власти республики, АМС МО республики, Северо-Осетинской общественной организации «Ассоциация жертв террористических актов «Матери Беслана», представители общественности, гости.*

| | |
|---|---|
| 14:25 | Возложение цветов и венков к памятнику «Древо скорби».<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А. |
| 14:30-15:10 | Мужской голос читает стихотворение «Имена». На фоне звука метронома перечисляются имена и фамилии погибших.<br>В это время люди после возложения цветов и венков к памятнику «Древо скорби» заходят на территорию мемориального кладбища и возлагают цветы к могилам. Все участники проходят через всю территорию кладбища, двигаясь по цепочке (направо от памятника «Дерево скорби» змейкой до памятника погибшим спецназовцам).<br>Дети выпускают шары в небо после слов «Вечная память».<br>Аудио и видео трансляция передается по всем средствам массовой информации республики.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А, Министерство образования и науки РСО–А. |
| 15:30 | Заупокойная служба.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Владикавказская и Аланская Епархия, Управление Роспотребнадзора по РСО–А МВД по РСО–А, ГУ МЧС России по РСО–А. |

**Двор ГБУ «Международный культурно-патриотический центр профилактики терроризма Беслан. Школа № 1»**

| | |
|---|---|
| 18:00 | Телемост. Ответственные: АМС МО Правобережный район. |
| 19:00 | Зажигаются свечи во дворе школы № 1 г. Беслана.<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство труда и социального развития РСО–А. |
| 20:00–21:00 | Концерт-реквием камерного симфонического оркестра ГБУК «Государственная филармония РСО–А».<br>Ответственные: АМС МО Правобережный район, Министерство культуры РСО–А. |

**Уæрæсейаг гвардий Бон бæрæггонд цæудзæнæй 2 сентябри. Аци бæрæгбон нисангонд æрцудæй 2000 анзи 22 декабри Уæрæсей Президенти Указæй.**

**_Номдзуд советон финсæг Петр Павленко архайдта Цæгат Иристон немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Уой фæдбæл берæ уацтæ ниммухур кодта центрон газетти. Мадта хуарз зундгонд адтæнцæ не ’мзæнхон тугъдонти лæгдзийнæдти хабæрттæ дæр, уони туххæй финста æ тугъдон уацти._**

# СÆ НАМУСИ ÆНОСОН АЗÆЛД НÆ НИДÆН КÆНУЙ…



Дур-Дури æдзард скъолаудзау-тугъдонтæн номерæн циртдзæвæн раздæр адтæй мæнæ ауæхæн...



Еци циртдзæвæн нæуæггондæй байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали радзубанди кодта ÆГЪУЗАРТИ Таймураз.

1

*Æрмæст сæ цæститæй, гъо, сæ еугурей цæститæй дæр, адæймаг еу усмæ кæмæй байрайа, уойбæрцæ нифси цъита цæуй. Нæ, цæугæ нæ – æмпурсуй. Еу фæззелæни уотæ фæккастæй капитанмæ, цума æмпурсуй, фал уайтæккæ æ гъуди райййивта: «Барвæндонтæ… Сæ зæрдæ цæбæлдæр дарунцæ. Цидæр æбæрæг хъаурæ сæ æ фæдбæл сайуй». Фиццаг сæ капитан иской дæр нæ бауагъта. Æфсæддон комиссаради тургъæй сæ фæссурдта, цотæ, æма ме ’мгæрæнтти дæр куд нæбал æрæфсæрайтæ, уотæ бакæнтæ, зæгъгæ. Æнгъæл адтæй – нæбал æрбацæуйдзæнæнцæ. Дуккаг бон еци-еу хузæнæй фæззиндтæнцæ. Аци хатт сæмæ кардзæрæй исдзурдта, ратардта сæ, æ тингун цæсгони сурхæй ин фæттарстæнцæ биццеутæ. Къуæре рацудæй æви минкъийдæр – нæуæгæй æрбансанстонцæ. Мах, дан, гъуддæгутæ исбæлвурд кодтан æма, дан, раст нæ айтæ. Æвддæсанздзудти, дан, кæнунцæ тугъдмæ. Еци-еу цæфæй нæ, фал, дан, фиццаг æфсæддон скъолатæмæ, уой фæсте ба – тохунмæ…*

*Капитан æнæдзоргæй берæ ке фæллæудтæй, уой биццеути сусу-бусуйæй бафеппайдта, гæгъæди æ цæстити размæ исхаста, тургъи æ бæзгин, фал фæсос гъæлæс райгъустæй:*

*– Тадети Иса!*

*– Æз!*

*– Мурити Алихан!*

*– Æз!*

*– Мурити Хаджимурат!*

*– Æз!*

*– Гуйти Никъала!*

*– Æз!*

Гъе уотемæй истугъдонтæ ’нцæ еци биццеутæ… Цуппæрдæсемæй рандæнцæ знаги нихмæ тохмæ, дууадæс си нæбал исæмбалдæнцæ сæ райгурæн гъæубæстæбæл – нæ Райгурæн бæсти сæребарæдзийнади сæрбæлтау си алкедæр иснивонд кодта æ хуæрзæригон цард.

Сæ еугурейдæр хецæнæй æримисун бæргæ æнгъезуй, фал нин газети равгитæмæ гæсгæ уæхæн фадуат нæййес. Уæдта еугур еци хабæрттæ тæлмæнгонд æнцæ уацау «Æносон азæлд»-и, мах дæр æй газети мухур кодтан (2020 анзи 5-8-аг номерти). Æцæг ма уин уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан, еци æдзард биццеутæй еуей, Бичашвили Отари фиди медзæрди зæгъуйнæгтæ.

* * *

*Ци биццеутæ адтæнцæ, мæ фæрстæ син фехæлонцæ, ци? Æма сæмæ куд æнгъæлмæ кастан, куд! «Кастан» – загътон. Хатирæй фæууæд – фæррæдудтæн. Нур дæр ма сæмæ æнгъæлмæ кæсæн. Берæ нæбал ан, мах дæр еугай-дугай уæлмæрдтæбæл æфтуйæн, фал ма ни уæддæр кадæртæ ба æгас æй. Æгас ма ан æма нæ фæллайæн æнгъæлмæ кæсунæй. Уæдта си еске фæззиндтæй. Ка ма сæбæл бауозæлдзæнæй, ка ма син æрæвæрдзæнæй сæ рази гъар хуæруйнаг? Æма цæрæн, цæрæн не ’сæфт бæдæлтти нифсæй. Ехх, куд базæронд ан, цæйбæрцæ рæстæг рацудæй, уоци рун ку исистадæй æма ’й æхе лæгæти ку банигæдтонцæ, уæдæй нурмæ. Фудрун банигæдтонцæ, фал мах нæ хъæболти нæма нигæнæн, нæма!*

*Айфиццаг уæртæ Хъодзасти зæронд Огка æрбасæйгæ ’й, е ’цæг дуйнемæ цæуни къахбæл ниллæудтæй. Сæйгæфæрсæг имæ бауадтæн æз дæр. Сæнттæ цагъта, мæгур. Кедæр агурдта, æ медæмæхауд цæститæй ма цидæр æнгъæлдзау рохс калдæй. Æз имæ æргубур кодтон, мæ армитъæпæн ин æ содзгæ тæрнихбæл февардтон, зæгъун, дæ зæрдæ кæд ести агоруй. Берæ мæмæ фæккастæй. Базудта мæ, æ сор билтæ зинна-нæзинна базмалдæнцæ, лæмбунæг имæ байгъустон æма равзурстон еугай дзурдтæ: «Маро ку дæ… Сумах биццеу дæр нæма исæздахтæй? Фæгъгъос æй, æ уолæфт фесавдæй, æрæгиау æ цæститæ байгон æнцæ, еуæрдæмæ, иннердæмæ ракастæй, къуæзгæй исдзурдта: «Игъосетæ, мæ дзæбæх гъæуккæгтæ. Еци биццеу ку иссæуа, уæд си хатир ракордзинайтæ. Хъæбæр берæ дæмæ фенгъæлмæ кастæй, зæгъетæ, уотæ. Мæнæ мæ бази буни ацал-ауал анзи ци «сау гæгъæди» дарун, уобæл нуртæккæ дæр не ’ууæндун. Исæздæхдзæнæй мæ хъæболæ æма ин зæгъетæ, адзал мæ ку не ’рæййафтайдæ, уæд ма еу уойбæрцæ дæр фенгъæлмæ кастайнæ».*

*Еци дзурдтæ æ фæстаг дзурдтæ адтæнцæ Огкайæн. Уæлæбæл е ’хæс бафиста, кæдзосæй фæххаста мади ном, нур уæлмæрдти æ фурти ревæд ингæни фарсмæ иссирдта æхецæн бунат. Тæрсун, мæ фæстаг бон ку æрцæуа, уæд мæн дæр мæ хъæболи ревæд цирти рази ку байвæронцæ. Уæхæнттæ цал ес нæ уæлмæрдти – æнцонтæй дин сæ нæ зæгъдзæнæн. Берæ ’нцæ, берæ.*

*Гъæлатæ ба куд нæ ан, гъæлатæ. Уотæ æнгъæл дæн, Отар æвддæсанздзудæй рандæй тугъди цæхæрмæ æма мæмæ æвддæсанздзудæй исервæздзæнæй. Мæрдтæ зæронд нæ кæнунцæ, фал кæд мард нæ ’й. Кæд æй ести устур гъуддаги ниууорæдтонцæ, паддзахадæн берæ кæнуйнаг гъуддæгутæ байзайуй тугъди фæсте…*

*Фал уин ци зæгъунмæ гъавун, мæ зæрдтæгтæ, уой зонетæ? Телевизормæ кæсун берæ уарзун. Мæ бон косун-æзмæлун нæбал æй æма бон-изæрмæ телевизори фарсмæ бадун, мадта æндæр ци кæнон? Тугъд ку февдесунцæ, уæд мæбæл цуппæргай гъостæ, цуппæргай цæститæ базайуй. Нæ зæрондæн телевизор дæр уомæн балхæнун кодтон. Кæд, зæгъун, мæ биццеуи дæр еухатт бавдесиуонцæ. Мæ фуни дæр ма ’й еу хатт фæууидтон.*

*Телевизорæй æ цæсгон разиндтæй, æма уотæ бакодтонцæ: «Е æй гурдзиаг Осмæни фурт Отар. Æ мадæ ба Маро, фал æй æ фурт деда хонуй». Уæхæн амондгун фун уойфæсте некæдбал фæууидтон. Фунти фæрци цæрун дæр гъæуй, мадта ци киндæуа? Æма телевизорæй тугъд ку февдесунцæ, уæд мæ æ разæй неци хузи райеуварс кæндзинайтæ. Еуæй-еу хатт си нæ биццеуи хузæн ку фæууинун, уæд мæ зæрдæ æхе фæрстæбæл ниххуайуй, фал фудæнгъæл фæуун. Бустæги ба мæ нæ синхонти лæги дзурдтæ рамардтонцæ. Уотæ мин зæгъуй айфиццаг: «Маро, еци киноти еугурæй дæр артисттæ гъазунцæ, ду ба си дæ биццеуи агорис». Уæхæн зин мин адтæй æма дессаг. Зæгъун, уанцон нæй, уойбæрцæ артисттæ æмбурд ба кæми æркодтонцæ, е æцæг тугъд æвдесунцæ. Нæ басастæй. Æз дæр ибæл нæ бауæндтæн. Æма телевизормæ мæ каст искодтон. Ци фæууй, куд фæууй, цалинмæ цæрон, уæдмæ ’й кæд еу хатт равдесиуонцæ. Еу фæккастæй æрмæст. Фулдæр нæ гъæуй. Цума ци хузæн иссæй? Тугъдæй ка исæздахтæй, етæ дæр ма халаси буни ку фæцæнцæ, каргун адæми ном сæбæл ку исбадтæй. Дæлæ Гуйти Хатуй фуртæй кæстæр си неке адтæй æма уомæн дæр æ дууæ биццеуи ку раустуртæ ’нцæ, Отари къласæй ма ка исæздахтæй? Азаути Урусхан. Цалити Сафарби. Сæ цæфтæй абони дæр гъæрзунцæ. Галяй айфиццаг фæууидтон æма мæмæ æрбауадæй. Ба имæ кæсæ – зæронд уосæй ци кæнис? Æндæр гъæуккаг æй, æ муггаг дæр æндæр. Мæ хъури ’й æрбакодтон, зæгъун, куд базæронд дæ, мæ киндздзаг? Æ цæститæ дони разилдта, æ уорс сæр мин мæ усхъæбæл æрæвардта æма уотæ бакодта: «Æнгъæлмæ кæсунæй базæронд дæн, деда»… Искудтæй. Имисуй биццеуи. Нæй иронх кæнуй, цард ин фестон! Æ финстæгутæ дæр, дан, æгас æнцæ. Æма мæнæн æгас нæ ’нцæ? Уæлæбæл мин уомæй устурдæр хæзна ку нецибал ес. Исбор æнцæ, къариндасæй финститæ фехалдæнцæ. Нæ зæронд дамугъатæ цъæрæмухст кæнуй, æма мæ зæрдæ ку исресуй, уæд табу кæнун райдайун: «Бакæсай, биццеу ци финсуй». Фиццаг сæ кастæй, нур ба нæбал комуй. Нæ бакомкоммæ ка цæруй, уони скъоладзау кизгæ нæмæ ахид æрбауайуй. Е ’рбацудмæ ин æхцин ракæнун. Ку бахуæруй, уæд мæ фарсмæ исбадуй æма Отари финститæ гъæрæй кæсун райдайуй. Уогæ, тугъдæй цидæр финста, уони мæ зæрдæбæл дарун, фал биццеуи финститæ æндæр еске гъæлæсæй ку фегъосун, уæд мæмæ уотæ фæккæсуй, цума нуртæккæ аци минутбæл нæмæ постхæссæг Бетъре Отари финстæг æрбалæвардта. Æ гъæлæс дæр мæмæ æрбайгъусуй: «Гъей, хæдзарæ, æндæмæ ракæсайтæ, уæ фуртæй уæмæ замманай финстæг!»*

*Сæрдигон фæлмæн изæртæ ку ’скæнунцæ, уæд нæ зæронди хæццæ æндæмæ рацæуæн, гъæунги фæхсæ къелабæл æрбадæн, нæ хурфитæмæ нийгъосæн, ку исфæлмæцæн, уæд мæхе нæбал бауорамун æма бадзорун:*

*– Уæртæ лæг, нур еци биццеу ку фæззинна, уæд ин кувд нæ гъæудзæнæй!*

*– Гъæудзæнæй, мадта нæ гъæудзæнæй!*

*– Æма ин ци ’вгæрдуйнаг дæ?*

*– Гъолон гали.*

*– Е не ’сфагæ уодзæнæй. Еугур гъæубæстæ дæр махмæ æрцæудзæнæнцæ.*

*– Косæрттагæй фулдæр ци ес. Балхæндзинан.*

*Нæхе уæхæн дзубандитæй фæррæвдауæн, фал фæстагмæ зæронд фемæхсуй, æ цæстисуг*

*Æма си еуеми уотæ баханхæ кодта: «Иристойнаг», зæгъгæ, еци дзурд кадæ æма ради хæццæ фæззæгъунцæ Фидибæстон тугъди еугур фронти дæр, уомæн æма иристойнæгтæ сæхе равдистонцæ бæгъатæр æма рæстзæрдæ тугъдонтæй...» Петр Павленкойæн æхецæн дæр устур кадæ ес Цæгат Иристони – æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу.*



*нæбал бауорамуй, мæнæй дæр нæбал фефсæрми уй. Зæгъун, гормон, цæбæл бабæй фехалдтæ, дæлæ Гъæдгæрони Хъалæгати Хангуассæ æ фондз бæдолемæ ку æнгъæлмæ кæсуй æма е ку нæ кæуй, уæд ду сансала бахуардтай? Æ цæстисугтæ сæрфун райдайуй, æрæгиау ба фæззæгъуй:*

*– Исон скъоламæ иссæуæн. Тургъи Отаретæ кæддæр ци сосгъæдæ бæлæстæ ниссагътонцæ, уони буни сатæги рабадæн.*

*– Иссæудзинан, цæмæннæ гъæуама иссæуæн?*

*Сосгъæдæ бæлæстæ сæрди уорс деденæг ку ракалунцæ, уæд мæмæ уотæ фæккæсуй, цума етæ дæр биццеутæмæ æнгъæлмæ кæсунæй исуорс æнцæ. Сæ пæлæхсæр къалеутæ син думгæ фæррæвдауй, сифтæ æнахур сæбар-субур райдайунцæ. Æвæдзи сæ талатæй гъæдæй ка æрхаста, уони фæйййагорунцæ.*

*Гъо, фал телевизорæй тугъд ку февдесунцæ, уæд си артисттæ ке фæгъгъазунцæ, е ба æгириддæр мæ зæрдæмæ нæ цæуй. Тугъд æносон азæлдау байзадæй, уæхæн азæлд, æма ин банцайуни муггаг нæййес. Некæд исæскъундзæнæй, фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæрдзæнæй, уæд ма си артисттæ ба кæцирдиги гъæунцæ? Æцæг тугъд æвдесæнтæ. Куд адтæй, уотæ 'й æвдесæнтæ.*

*Кæд æз дæр мæ бæдоли ескæд фæууининæ…*

* * *

*Тугъди будурæй Дур-Дурмæ нæбал исæздахтæй 367 тугъдони. Уонæй цуппæрдæс адтæнцæ фарæстæймаг къласи барвæндонтæ. Æностæмæ æвддæсанздзудтæй байзадæнцæ…*

* * *

Нæ 'нцæ иронх Дур-Дури гъæубæстæй се 'дзард тугъдонти рохс нæмттæ. Хъонцгæнгæй сæ еудадзуг имисунцæ, цитгин сæ кæнунцæ. Уотæ æдзард скъоладзау-тугъдонти дæр… Етæ, дан, тугъдмæ ранæхстæр уни размæ бацудæнцæ сæ гъæуи ковæндонæмæ Хуцаубæл сæхе бафæдзæхсунмæ, æма уоми устур дорбæл си алкедæр æ муггаг æма æ ном фæдздзæф кодта… Еци дор уотемæй берæ рæстæг фæцæй уоми. Æ размæ берæ дзиллæ цæуидæ – еугæйттæй дæр æма къуæрттæй дæр. Уæлдай ахиддæр ба, зæгъун æнгъезуй, еудадзугдæр цудæй еци æдзард скъоладзау-тугъдонтæй еуей, **Лæгконти Таймурази мадæ Дзадза**, берæ фæллæууидæ æ рази, æма, цума е 'дзард фурт æма уой æмгæртти хæццæ дзоридæ, уотæ фæдздзубанди кæнидæ. Уотæ адтæй берæ æнзти дæргъи, фал уæдмæ силгоймаг нæфæразгитæ кæнун байдæдта, æ бон уоййасæбæл нæбал адтæй дори размæ цæун. Æма уæд æ кæстæр фурт Алиханæй ракурдта, цæмæй ин æй сæ хæдзари размæ 'рласа. Е ин æ крудиадæ исæнхæст кодта, æма зæрдрист мадæ рацæуидæ бабæй дори размæ, берæ фæллæугæй фæдздзубандитæ кæнидæ. Уотæ – сауæнгæ æ рамæлæти бони уæнгæ.

Еци хабæрттæ бæлвурдæй зудтонцæ гъæубæстæ. Зудта сæ **Æгъузарти Таймураз** дæр. Æ кой ба ин хецæнæй уомæ гæсгæ кæнæн, æма бæлвурдæй е устур сагъæсти бафтудæй дори идарддæри карни фæдбæл. Æвæгæсæг нæ адтæй, фал аци адæймагмæ хъæбæрæй-хъæбæрдæр кодта еци дор, еци æдзард хуæрзæригон тугъдонтæн мемориалон циртдзæвæнæй æвæрд ку 'рцæуидæ, зæгъгæ, гъуди. Ка 'й зонуй, уомæй ин зæрдæ æвзгули кодта уæхæн катай дæр, гъома, кæд син ме 'нсувæр Саукуй сæ рохс нæмттæ документалон уацауæй исæносон кодта, уæд æз дæр ихæсгин дæн уони ести ахсгиагдзийнадæй исцитгин кæнун. Æма еци гъуддаг исаразуни туххæй æ фарсмæ ка 'рбалæудтæй, уæхæн æмархайгутæ дæр разиндтæй. Гъе уотемæй Дур-Дури фæззиндтæй се 'мгъæуккаг æдзард скъоладзаутæ-тугъдонтæн номерæн цирдзæвæн – етæ сæ къохæвæрдтæ кæбæл фæннисан кодтонцæ тугъдмæ фæннæхстæр уни размæ, еци дор æвæрд æрцудæй уиндгун рауæни, æ фарсмæ ба – къæйдор, уонæн сæ муггæгтæ æма нæмтти хæццæ. Е иссæй æцæг мемориалон фæзуат, еугуремæн дæр зæрдагайæн рауæн адтæй.

Уæддæр Æгъузарти Таймураз æма е 'мархайгутæмæ ба уотæ кастæй, цума си цидæр нæ фагæ кæнуй. Берæ фæррасагъæсти фæсте æй балæдæрдтæнцæ: æнæмæнгæ си гъæуй, еци дор æдзард кæстæрти адæ кæмæн кодта, еци мади сорæт. Æма бабæй Æгъузари-фурти хъæппæресæй архайун байдæдтонцæ, цæмæй еци гъуддаг дæр арæзт æрцæуа, уобæл. Æма, мæнæ куд уинетæ, хуæрзрæвдзæй арæзт æрцудæй.

Нур ба нæ сæрмагондæй ранимайун фæндуй, уобæл æновудæй ка байархайдта, уони. Етæ 'нцæ: **Гуцати Олег**, æ рæстæги куста Дигорай райони гъардæттæн хизæгти управлений разамонæгæй; **Хъазбегти Геуæрги**, амалгъон; **Хъодзасти Николай**, Дур-Дури гъæууон администраций сæргълæууæг; **Æбати Батраз**, амалгъон-зæнхикустгæнæг; **Суменати Тамир**, амалгъон, цæруй Мæскуй; **Цхурбати Олег**, скульптор, исфæлгонц кодта хъонцгæнæг мади сорæт, æма берæ æндæр рауон-циуон адæймæгутæ. Бæлвурдæй си ка ци исаразта, уой туххæй сæрмагондæй зæгъун дæр æнгъезуй, фал еци хабæрттæ фæстæдæрмæ уадзæн, уомæн æма, куд нин загътонцæ, уотемæй аци мемориал никки урухдæрæй нæуæггонд кæнуйнаг æнцæ, æвæрд си æрцæудзæнæй еци скъоладзау-тугъдонтæй алке къарæ дæр хецæн къæйдортæбæл, уæдта ма си никки цидæртæ исаразуйнаг æнцæ. Æма гъе уæд еугур хабæрттæ дæр бæлвурддæрæй ракæндзинан.

Абони ба зæрдиагæй арфæ кæнæн, еци гъуддаг исаразунбæл ка бахъиамæт кодта, уонæн еугуремæн дæр. Уæ фæллæнттæ еци æдзард фæсевæдæн дзенети уодæнцойнæн уæнтæ, сумахæн ба уæхецæн дæр æма уæ кæстæртæн дæ нæ Исфæлдесæг сабур æма амондæй æнхæст цардиуагæ раттæд.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

# ХУÆРЗБОН

Æрбакодтон æд бæрцитæ мæ цохъа,
Æрбабастон мæ астæубæл мæ хъæма.
Æрбагæлстон мæ сау нимæт мæхебæл.
Тохмæ цæугæй, зинаргъ æмбал, ци 'й дзебæл!

Æрлæудтæн æз тохи надбæл хъæбæр тагъд.
Æр-ма кæнæ дæ фæндурæй ду еу цагъд!
Зонун, кизгай, мæ фæндаг æй зин, изол.
Хъаурæгин æй гйаур фашист, нæ фудгол.

Мах царди рохс барæмодзун – æ нисан,
Фал базонæд, Люксембург ин ку нæ ан.
Мах Цæдесæн басæттæнтæ некæд ес.
Æнæмæнгæ мах уодзæнæй уæлахез!

Соми кæнун дзилли номæй, мæ мадæй,
Не 'гъосдзæнæ мæ хабæрттæ æгадæй.
Уæззау тохи нæ уодзæнæн æз фæстаг.
Хъаурæ, нифсæй мæ реугудур æй идзаг.

Ци æнкъард дæ, ци фæлорс æй дæ цæсгон?
Мæ хори хай, дæ мæтъæл мин нæ 'й æнцон.
Радтæ ма мин ходæзмолтæй дæ ракаст.
Ма мин тæрсæ, уодзæнæн æз фæндараст.

Финсæ арæх, æнгъæл дæмæ кæсдзæнæн.
Кæдмæ цæрон, гъе уæдмæ дæ уарздзæнæн.
Ку уон ескæд уæззау цæфæй æгудзæг, -
Дæу имисгæй исуодзæнæн игъæлдзæг.

Ку 'рбалæууа мæ уæлсæргъæ мæ адзал,
Ку багъара мæ бауæрмæ æ уазал,
Уæддæр, зонæ, имисдзæнæн æз дæу ном,
О, мæ цийнæ, рæсугъд кизгай, мæ уарзон.

Хуæрзбон уотæ, мæ гъæубæстæ, мæ адæм.
Не 'рхæсдзæнæн фуддзийнадæ уæ кадæн.
Гъæйдæ, кизгай, мæ царди рохс, хуæрзбон.
Дзоруй мæмæ тохи фæндаг, тагъд цæуон!



Амилахуанти Ильяй æмдзæвгæ хумæтæги нæ æримистан. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи, фиццаги-фиццагидæр, ка бацудæй, уонæй адтæй аци лескейнаг лæхъуæн дæр – уæд адтæй Сурх Æфсади рæнгъити, уордæмæ имæ фæдздзурдтонцæ 1940 анзи. Аци æмдзæвгæ дæр ниффинста тугъди тæккæ райдайæни, 1941 анзи. Æма æ соми «Уæззау тохи нæ уодзæнæн æз фæстаг!..» æхсаргинæй æнхæст кодта тохи будурти, уомæн æвдесæн æнцæ æ хуæрзеугутæ: Александр Невскийи, Фидибæстон тугъди фиццаг къæпхæни ордентæ, Сурх Стъалуй дууæ ордени, цалдæр майдани.

Амилахуанти Ильяй уæдикон æмдзæвгæ, уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ æримистан, æма абони, нæ Фидибæстæмæ æдзæстуарзон зæрдихатт ка даруй, етæ нæ нихмæ фудмиутæ ку аразунцæ, никки ба ма Украини нури сæргъæн разамунди къохтæй нæ нихмæ тугъд ку ракъахтонцæ, уæд бабæй нæ фæсевæд разæнгардæй цæунцæ нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохмæ, æхсаргинæй нихкъуæрд дæттунцæ знагæн. Нæ адæм си сæрустур æнцæ… Уони лæгдзийнадæ ни федарæй æруагæс кæнуй: мах бабæй æнæмæнгæ уодзинан уæлахезон!..

СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..



*Адæмти истори куд амонуй, уотемæй тугъдтитæ ракъахгутæ рæстмæзунд æгириддæр нæ фæуунцæ. Германий кæддæри канцлер æ рæстæги загъта: «Уæрæсей хæццæ макæд хуæцетæ!..» Нæ байгъуста имæ Гитлер, Дуккаг дуйнеуон тугъд ракъахгæй, æрбалæбурдта Советон Цæдесмæ æма ци бацæй, е ба зундгонд æй. Нæ нихмæ нури тохгæнгути фæстеугутæ дæр уотæ рауайдзæнæнцæ.*



Ладо ДАВЫДОВ

# «МÆ ФИДТÆЛТИ ЦИТГИЙНАГ МÆНÆН ДÆР ЦИТГИЙНАГ ÆЙ...»

Нæ дзубанди абони æй Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладо Шириншай-фурти туххæй. Е райгурдæй 1924 анзи августи дууадæсæймаг бони сахар Орджоникидзей ассириаг бийнонти 'хсæн. Авд анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд ами бацудæй еуæндæсæймаг астæуккаг скъоламæ, фал си берæ не 'сахур кодта... Æ мадæ рамардæй, фидæн ба еунæгæй æ бон нæ адтæй сувæллæнтти дарун. Æма Ладой багъудæй æ ахур изæйрон скъоламæ раййевун, бонæй ба куста цæртти заводи.

## ÆДЗÆСТХЕЗÆЙ ДÆРÆН КОДТА ЗНАГИ

Еци кари уæхæн уæззау уаргъ æхемæ райсун зин куд нæ адтайдæ, фал æрдзæй сæрæн, игъæлдзæг уоди хецау ке адтæй, уомæ гæсгæ фæразон разиндтæй, царди раст надбæл цæугæй нæ фæккиудтæй биццеу. Уæгъдæ рæстæг ин ку фæззиннидæ, уæд е 'мгæртти хæццæ балæууидæ Терки билæбæл, æхе æртайидæ, футболæй æма æндæр спортивон гъæзтитæй гъазидæ, кæсалгæ ахæста.

Фæстæдæр Ладо æ берæ æмгæртти хæццæ рандæй Каменецк-Подольски облæстмæ æма уоми куста аэродроми арæзтади. Устур Фидибæстон тугъд дæр æй ами æрæййафта. Аэродроми арæзтадæ уорæд æрцудæй æма уæд Ладо æрæздахтæй æ райгурæн Иристонмæ. Ами бацудæй æфсæддон комиссарадæмæ, цæмæй æй тугъдмæ рарвистайуонцæ. Фал æ æнзтæ ке не 'нхæст кодтонцæ, уомæ гæсгæ 'й фæстæмæ раздахтонцæ. Уæд Ладо косунмæ бацудæй завод «Электроцинк»-мæ, номдзуд «Катюшæн» нæмгутæ кæми аразтонцæ, еци цехмæ. Куста фæлтæрдгин косгути æмрæнгъæ, æхсæвæй-бонæй, дæсгай-дууадæсгай сахæтти дæргъи, ахид æхсæвæ дæр байзайидæ æ кусти уæлгъос.

Ралæудтæй 1942 анз, нæ Райгурæн бæстæн тæккæ уæззаудæр анз. Ладо бабæй нæуæгæй бацудæй комиссарадæмæ.

– Хуарз, – загътонцæ ин уоми. – Цо, дæхе æрцæттæ кæнæ. Æрветдзинан дæ бæхгин æфсадмæ.

Уотемæй Ладо Давыдов бахаудтæй бæхгинти полкмæ. Еци полк æрвист æрцудæй Кутаисимæ, уоми сæ ахур кодтонцæ æфсæддон дæсниадæбæл.

Ладойæн адтæй, æ сабийбонтæй фæстæмæ еунæг бон дæр ке хæццæ нæ фæххецæн æй, уæхæн æрдхуард Андрей, ирон биццеу. Ами, Кутаисий сæ фæххецæн кодтонцæ, – Андрейи рарвистонцæ Сталинградмæ, Ладо ба бахаудтæй Туапсемæ.

Знаг æ тухтæ рагæлста Цæгат Кавказмæ. 1942 анзи сæрди, «Индюк» ке худтонцæ, еци хонхмæ бампурстонцæ, немуц хъæбæр кæмæй тарстæнцæ, еци денгизон фестæгæфсæддонтæ, сæ уæле дæргъитæ цъинда хæдæнттæ æма сау бушлаттæ, уотемæй. Немуци дзармадзанти мæлæтхæссæг азæлдæй зæрдæ кæд æгудзæг кодта, уæддæр фестæг денгизонти нимпурстæн бауорамæн нæ адтæй. Сæ атакитæй еу æ тæккæ цæхæри куд адтæй, уотемæй фæммард æй денгизонти командир хестæр лейтенант Фоменко. Æ дæлбарæ тугъдонтæ ракуддæртæ 'нцæ, уоййасæбæл нæбал лæдæрдтæнцæ, идарддæр ци кæнонцæ, уой. Уæд Ладо фестадæй æма æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

– Лæхъуæнтæ, размæ!.. Райсæн Фоменкой тог!..

Æма æхуæдæг сæ разæй рампурста. Уæд иннетæ дæр æ фæдбæл ниххæррæт кодтонцæ. Еци тугъди уоййасæбæл ке фескъуæлхтæй, уомæ гæсгæ Ладой исхуарзæнхæ кæнуни туххæй бацæттæгонд гæгъæдий финст ес: «Æмбал Давыдов æвдæймаг сæрмагонд бригади уогæй, Краснодари рæбун тугъдтити рæстæг командир хестæр лейтенант Фоменко ку фæммард æй, уæд æхемæ райста командæ кæнуни гъуддаг, æма æфсæддон къуарæн дæсни разамунд ке лæвардта, уой фæрци знаги æрбампурст уорæдтонцæ дууæ сахаттей дæргъи.

Ку æризæр æй æма тугъди гъæр ку ниссабур æй, уæд Ладо æсгарæгæй рандæй знаги уавæртæ исбæлвурд кæнунмæ. Æ ихæс æнтæстгинæй исæнхæст кодта æма фæстæмæ куд æздахтæй, уотемæй æй фашисттæ æрæстæфтæнцæ. Райдæдтонцæ 'й æхсун. Раргъавтонцæ 'й, еу нæмуг бæгъатæр тугъдонæн исæмбалдæй æ рæуæгбæл, иннæ ба ниххастæй æ зæрди буни. Уæхæн цæфтæ фæуугæй, æ бон кæми адтайдæ хеуæнтти 'рдæмæ бурун. Хуарз æма 'й еци æхсæвæ, еугур тогидзæгтæ бацæй, уотемæй иссирдтонцæ нæхе санитартæ æма 'й уайтæккæдæр бахъæртун кодтонцæ госпитæлмæ. Уоми дохтирти фæрци æртæ къуæрей фæсте Ладо æ къæхтæбæл ислæудтæй.

Раст еци рæстæги болкъон А.С. Потапов æмбурд кодта бархеуонтæй нæуæг бригадæ. Давыдов дæр бацудæй Потаповмæ.

– Мæ бон нæй дæу райсун, – загъта ин болкъон. – Мæн гъæуй æнæнез æма хъаурæй федар адæм, ду ба дæ къæхтæбæл туххæй лæууис.

– Райсетæ мæ, æмбал болкъон. Æз алцæмæн дæр бафæраздзæнæн.

Æма, æцæгæйдæр, алцæмæй дæр фæразон разиндтæй.

Нæуæг арæзт бригадæ гъæуама байахæстайдæ Новороссийскмæ хæстæг, фæстæдæр «Минкъий зæнхæ» ке худтонцæ, уой; гъæуама байеу адтайуонцæ 47-аг æфсади хæццæ æма нимпурхæ кодтайуонцæ, немуцæн Тамани ци æфсæддон хæйттæ адтæй, уони.

«Минкъий зæнхæ»-мæ десант ластонцæ 150 рæуæг науебæл. Еци наутæй еуеми, æ ном «Земляк», адтæй лейтенант Мамаеви автоматчикти ротæ. Еци роти адтæй Давыдов дæр. «Земляк» иннæ наутæй раздæр рацудæй денгизмæ. Куддæр билæмæ бахæстæг æй, уотæ сæ фашисттæ æрæстæфтæнцæ æма сæ райдæдтонцæ æхсун. Фал нæ фæттарстæнцæ бæгъатæр тугъдонтæ. Бантæстæй син билгæронмæ байервæзун, æма уоми рахезгæй ба сæ цуд исаразтонцæ еу гъæу, Станичкæ, зæгъгæ, уордæмæ.

Еци нимпурсти устур лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ равдиста Давыдов, е æ цалдæр æмбалей хæццæ байахæста аэродром æма радиостанцæ. Е 'скъуæлхтдзийнади туххæй ин сæрмагондæй райарфæ кодта бригади командир.

Роти командир Мамаев, аэродроми æма радиостанций гъæуайгæнгутæ ниууагъта, уотемæй æ тугъдонти ракодта Станичкæмæ. Гъæу еугурæй махонти къохи нæма бафтудæй, фашисттæ уордæмæ танкитæ æма хуæдтæхгутæ ке æрбагæлстонцæ, уой фудæй. Æхсæз роти æрвист æрцудæй «Рыбпоселок»-мæ. Уордæмæ Потапови бригади штабмæ балæборæ-балæборæ кодтонцæ немуци автоматчиктæ. Ротæ уайтæккæдæр искæдзос кодта фашисттæй еци рауæн.

## ÆФСÆДДОНТÆ АРД БАХУАРДТОНЦÆ, СÆ МАСТ ФУДГОЛÆЙ РАЙСУНÆЙ

Цалдæр боней фæсте роти командир Мамаев дæс тугъдоней хæццæ рарвиста Ладой «Земляк»-мæ. «Земляк» еци æхсæвæ æрбахъæрттæй тохæнæрмæги хæццæ. Ладо æма е 'мбæлттæ куддæр тохæнæрмæг райдæдтонцæ билæмæ хæссун, уотæ фæццудæй гæрах. Е исрæмугъта, немуцаг донибунтицæугæ бæлæгъ ци торпедæ рауагъта «Земляк»-бæл, е. «Земляк» пурхæ нæ ниццæй, фал ин цæуæн нæбал адтæй æма æ бунати хъелæй байзадæй.

Еци æхсæвæ ма немуц фехалдтонцæ æртæ мотоботи æма еу сейнер. Етæ ба не 'фсæддонтæн хуæлцæ ласунæн адтæнцæ. «Земляк» цæунæн ку нæбал адтæй, уæд «Минкъий зæнхæбæл» ка адтæй, еци тугъдонти уавæр цæхгæр фæллæгъуздæр æй. Хуардтонцæ пуруса, æндæр кæрдæгутæ æма акъаций деденгутæ. Уæд Ладо дууæ æхе хузæн бæгъатæр æфсæддоней хæццæ æхсæвигон бæлæгъбæл багъузтæй сейнермæ æма уордигæй ласун байдæдта инсад æма æндæр хуаллæгтæ.

«Минкъий зæнхæ» уотид минкъий сабурдзийнадæ дæр нæ бавзурста авд мæйей дæргъи. Е иссæй бæгъатæрдзийнади символ. Æ кой идæрдтæбæл игъустгонд адтæй, æма уордæмæ сæхе æрветун кодтонцæ сауæнгæ æндæр рауæнтæй дæр, уоми алли салдат дæр адтæй æцæг бæгъатæр. Уоми бомбæ кæми не 'рхаудтæй, минæ кенæ дзармадзани нæмуг кæми нæ фехалдæй, уæхæн гæппæл нæбал байзадæй.

Потапови бригадæй ма цардæгас ка байзадæй, уони 1943 анзи августи раластонцæ Геленджикмæ се 'нæнездзийнадæ дзæбæх кæнунмæ æма уолæфунмæ, цæмæй уой фæсте нимпурсонцæ Новороссийск немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй иссæребарæ кæнунмæ. Цанæбæрæг рауолæфтæнцæ, уæдта сæ бригадæ еугонд æрцудæй, Новороссийскмæ нимпурсун ихæсгонд кæмæн адтæй, еци десанти хæццæ. Десантæн билгæронæй агъаз кодта, инæлар К.И. Леселидзей æстдæсæймаг æфсад. Сау денгизæй гъæуама æмпурстайуонцæ адмирал Л.А. Владимирскийи наутæ æма Азови флотили. 1943 анзи 11 сентябри немуци позицитæбæл зинг бафтудта нæ артиллери. Гъе уæдта сахармæ сæ цуд исаразтонцæ дуккаг къæпхæни капитан В.Т. Проценкой катертæ. Æ хуæдуæлвæд нæ командæкæнуйнадæ багæлста капитан-лейтенант А.В. Африканов æма æртиккаг къæпхæни капитан Г.Л. Дьяченкой десантон къуæрттæ. Катерти къуари разæй тахтæй, роти командир Мамаев, Ладо æма иннæ десантонтæ кæми адтæнцæ, еци катер. Билгæронмæ ма 'й еу-æртæсæдæ метри куд гъудæй, уотемæй командир бардзурд равардта, цæмæй æфсæддонтæ трюмтæй палубæмæ исхизтайуонцæ.

Раст еци рæстæги катербæл исæмбалдæй знаги дзармадзанти цалдæр нæмуги. Катер æ медбунати низзилдæй æма нихъулун райдæдта. Роти командир хестæр лейтенант Мамаев фæммард æй. Десантти къуарæн командæ кæнун æхемæ райста катери капитан. Уæдмæ катерæн фæййагъаз кæнунмæ фæззиндтæй, штаб кæми бадтæй, еци катер. Содзгæ катер баластонцæ сауæнгæ билгæронмæ. Уоми æфсæддонтæ сæ кæрæдзей усхъитæбæл лæудтæнцæ, уотемæй хизтæнцæ билгæронмæ æма тохмæ сæхе гæлстонцæ. Билгæрон фашисттæй ракæдзос æй, сæ дзоттæ æрцудæнцæ дæрæнгонд.

Новороссийск сæребарæгонд ку 'рцудæй, уæд еугур æфсæддонтæбæл дæр райгъустæй æхсæрдæс æма инсæй фестæгденгизонти бæгъатæр мæлæти хабар. Цæветтонгæ, Станичкæ ке худтонцæ, еци гъæуи скъолай азгъунсти не 'фсæддонти къуарбæл æртухстæнцæ немуцаг автоматчиктæ. Махуæнттæмæ тохæнгарз нæбал адтæй, фал уæддæр сæхе уацари нæ лæвардтонцæ. Немуц ниццагътонцæ сæ еугурей дæр. Сæ командир Видови исбæгънæг кодтонцæ æма 'й мудзуратæй ницъцъæсгитæ кодтонцæ. Сæ хæццæ ци кизгæ-секретарь адтæй, уомæй ба æбуалгъæй фæггириз кодтонцæ, æ цæститæ ин искъахтонцæ, æ реутæ ин ралух кодтонцæ...

Бригади æфсæддонтæ ард бахуардтонцæ се 'мбæлтти тог райсуни туххæй, æма фæстæдæр, Керчмæ десанттæ багæлдзуни туххæй дзубанди ку цудæй, уæд бригади æфсæддонтæ сæ еугурдæр сæхе уордæмæ бакæнун кодтонцæ. 1943 анзи 31 октябри 255-аг бригади батальонтæ рахизтæнцæ Керчи донбакæлæнбæл. Билгæронмæ ма сæ минкъий гъудæй, уотемæй сæ знаг базудта æма сæбæл агъазиау топпадзагъд исаразта. Уæддæр катертæ билгæронмæ байервазтæнцæ æма байахæстонцæ, æхсæз километри æ дæргъæ, дууæ километри ба æ уæрхæ, уæхæн плацдарм.

***Уодзæнæй ма***

**Цуппаринсæй анзей размæ (1944 анзи 4 сентябри) Финляндий хецауадæ фехалдтонцæ фашистон Германий хæццæ æмдзæхдондзийнадæ æма рацудæнцæ ССР Цæдеси нихмæ тугъдон архайдæй.**

***Алим КЕШОКОВ: «О хлебном поле судят по тому, сколько хлеба оно дает, о реке судят по ее течению и глубине, о народе судят по тому, что он дает в сокровищницу духовной культуры, в экономику страны. Если судить по этим параметрам об Осетии, то к нему не подходит привычный для нас, горцев Кавказа, эпитет малый, ибо осетинский народ вносит свой достойный вклад в общую сокровищницу благ всей страны...»***

# "Æнцон над мин нæ адтæй, æмбал, мæнæн..."



Алим КЕШОКОВ (æртиккаг галеуæрдигæй) Елхотти арæзт литературон мадзали.

***Алим Кешокови туххæй абони ци уац мухур кæнæн, уой ниффинста æ балхъайраг æрвадæ, Кæсæг-Балхъари адæмон поэт Кайсын КУЛИЕВ (1917-1985). Мухур æй кæнæн, æ рæстæги æй (1969 анзи) куд ниффинста, уотемæй – дууемæй дæр нур, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æнцæ æма син сæ рохс нæмтти цитгиндзийнадæ нимайгæй, ци гъудитæ ниффинстонцæ, уони фæлхатун нæ федауй, иннемæй ба æцæгæй адæмон финсæг цалинмæ дзиллити зæрдити æй, цалинмæ син æ исфæлдистадæ зæрдтагон æй, уæдмæ цардæгас æй. Æма Алими нерæнгæ дæр ма айдагъ Кæсæг-Балхъари нæ, фал уомæй еуварсдæр рауæнти дæр ке имисунцæ, е уомæн æй ирд æвдесæн...***

Алим Кекшокови æмдзæвгитæй еуей уæлдай хъæбæрдæр бадардтон мæ зæрдæбæл. Æхуæдæг мин æй бакастæй Дони будуртæй кæмидæр. Цæбæл си цудæй дзубанди? Еу æфсæддон æ рагъи фæххаста æ тугъдон æмбали. Е уæззау цæфтæ адтæй æма æ ервæзунгæнæгæн дзурдта: «Ниууадзæ мæ, кенæ ба ду дæр мæн туххæй исæфис! Ниууадзæ мæ!.. Еске нин, миййаг, амонд не ’хсæн дууæ æмраст дехи нæ ракодта. Ниууадзæ мæ!» Фал æфсæддон кæми байгъуста æ цæф æмбали дзубандитæмæ. Знаги нæмгутæ сæ сæрти тахтæнцæ, е ба кæми æ уæргутæбæл тундзтæй, кæми ба æ фазæбæл бурдæй, зæнхæ дæндагæй æхсидта, фал е ’мбали фæййервæзун кодта.

Æз аци æмдзæвги хабар хумæтæги не ’римистон. Мæнмæ уотæ кæсуй, æма е Алим Кешоковæн æвдесуй æ еугур исфæлдистади сæйрагæй-сæйрагдæр медес – адæймагæн рæстуодæй байагъаз кæнун, æ тухст уавæри ’й æ зиндзийнадæй фæййервæзун кæнунбæл байархайун... Е иссæй, æ кой нæ цитгин Райгурæн бæстæбæл кæмæн райгъустæй, уæхæн финсæг. Царди гургъахъ нæдтæбæл рацудæй, царди тингун скъолай бакастæй, тугъди уæззау фæлварæнти федар кодта, æхсистæй æ меддуйне, æ уодигъæдæ, домбайдæр кодта æ дзурд, хъæбæрæй-хъæбæрдæр лæдæрдтæй лæгдзийнади, æфсарми, зунди, фарни æма амонди рæсугъддзийнадæ, æновудæй-æновуддæр кодта æ адæмбæл, æ уарзон зæнхæбæл.

Алим Кешоков æ фиццаг киунуги хæццæ æ уарзон литературæмæ ’рбахаста нæуæг сорæттæ, гъудитæ, зæлтæ, мадзæлттæ. Бонæй-бонмæ æндиуддæр къахдзæфтæ кодта исуйнаг устур поэт. Уой еугуремæй раздæр æрæстæфтæй нæ хестæр æмбал æма хæларзæрдæ ахургæнæг Али Шогенцуков. Æригон поэт æ размæ æвардта устур бæрнон нисантæ. Уомæн æвдесæн иссæй æ идарддæри исфæлдистадæ. Али Шогенцуков фæммард æй тугъди. Алим Кешоков исиста, Шогенцукови къохæй ка ’рхаудтæй, нæ поэзий еци туруса, разæнгардæй æй хаста æма ’й абони дæр нифсгунæй хæссуй.

Раги загъд æрцудæй мæнæ ауæхæн гъуди: «Кæцифæнди адæмæн дæр поэзи æй е ’фсармæ, æ цæсгон...» Уæхæн бæрнон æй поэти фæллойнæ. Аци загъд комкоммæ хауй Алим Кешоковмæ, е ’сфæлдистадæмæ. Мæнæн хуарз зундгонд æй, Алим литературæмæ ци цæстæй кæсуй, е. Æ исфæлдистади туххæй æхуæдæг уотæ финста: «Хæзнатæ агорæг, дæуæн дæ над даргъ æма зин æй…» Уæдта идарддæр: «Еци хæзнати æвæрæнмæ цæун гъæуй нифсгунæй, кæдзосзæрдæй...»

Алли поэтæн дæр, кæмифæнди ку уа, уæддæр æ цæргæ-цæрæнбонти æ гъостæбæл уайуй, æригонæй сæ хæдзарæмæ хæстæг ци цæугæдон уадæй, уой улæнти сур-сур. Еци зари муртæ ин æнцæ еугуремæй зæрдæмæгъаргæдæр, еугуремæй аййевдæр æма рæсугъддæр. Уотæ ’й хузæгæнæг дæр. Тæккæ хæстæгдæр имæ адæми зæрдæ, адæми сагъæстæ, бæлдитæ æма фæндитæ ’нцæ. Дæсгай æнзти дæргъи Алим цидæриддæр исфæлдиста, етæ æнæфæххецæнгæнгæ баст æнцæ æ дзилли хæццæ.

Кешокови æмдзæвгитæ æма поэмитæ тухгин æнцæ сæ цардбæллондзийнадæй. Е хуарз зонуй, цард æнцонтæй ке нæ фæууй. Зонуй, фæууæлахез унбæл цæйбæрцæ тухæ æма хъауритæ бахарз кæнун гъæуй, уой дæр. Фал цард цард æй. Уомæй бæрзонддæр æма тухгиндæр дуйней неци ес. Адæймагæн е тæккæ хъазардæр æй. Æ сæрбæл тох кæнун гъæуй. Мæ дзубандити рæстдзийнадæн æвдесæн æнцæ Алимæн æхе æмдзæвги рæнгъитæ:

*Мах фехъусæм арæх цыбыр, дам, у цард;*
*Фæллой ма йыл бафтауы азтæ æдзухæй.*
*Куы кæнай фыдмитæ дæ къухæй, мæнгард,*
*Уыдзæни цыбырдæр дæ цард, уæд дæ къухæй.*

Финсæгæй финсæг рауайун кæнунцæ, æ алливарс ка æма ци фæууй, етæ. Хуæнхтæмæбургути хуæнхтæмæ бурун къæдзæхтæ исахур кæнунцæ. Хуæнхæгтæ еугуремæй дæснидæр фæуунцæ хуæнхтæмæ бурунмæ, фал си дони накæ кæнунмæ хуарз ка арæхсуй, уæхæнттæ ба берæ нæ фæууй. Æз уотæ зæгъунмæ нæ гъавун, æма финсæгæн æ уадзимистæ баргъонæй равдесæн ес, æхуæдæг ци бавзурста, айдагъдæр уой фæрци. Æз уотæ зæгъунмæ дæр нæ гъавун æма гъæуама алли финсæг дæр бавзара берæ зиндзийнæдтæ, кæд адæймаг æхуæдæг ци бавзара, уой нецæмæй баййевæн ес, уæд. Ке зæгъун æй гъæуй, алкæд еухузон нæ фæууй. Цард æма исфæлдистадæ аллихузон æнцæ. Фал зундгонд æй еу гъуддаг – царди цидæриддæр цæуй, уони финсæг гъæуама цæфбæл ахæсса. Е ку нæ уа, уæд нæййес искурдиадæ дæр. Исфæлдистадæ домуй цардæн лæггадæ кæнун. Еци гъуддагбæл еузæрдиуон æй Алим Кешоков.

Алим Кешоков адтæй æма нур дæр æй, хуарздзийнадæ æма рæстдзийнадæн ка лæггадæ кæнуй, еци адæми, еци финсгути рæнгъити. Мæ дзубандитæ æгæр гъæрæй загъд æнцæ, зæгъгæ, уомæй нæ тæрсун, уомæн æма дзорун устур финсæги поэзий, исфæлдистади, фæллойни туххæй.

Алли финсæгæн дæр æ уарзон литератури, æ уарзон адæми историй ци бунат ес, е бæрæггонд цæуй, æ дзилли культури хæзнадонæмæ æ исфæлдистадæй нæуæгæй ци бахаста, уомæ гæсгæ. Мах абони цийнæ кæнæн нæ финсæгбæл, уомæн æма е хъæбæр берæ исаразта Кæсæг-Балхъари литератури, нæ еугур культури ирæзтæн. Алим Кешоков æ исфæлдистадæй бæрзæйсæттæн цæф никкодта нæ литератури нæбæзгæдзийнадæй цидæриддæр адтæй, уонæн. Поэт идарддæр райрæзун кодта æма нæуæг бæрзæндтæмæ исиста, æ разæй ци финсгутæ адтæй, уони къохи ци бафтудæй, уой. Алим æ уадзимисти бауагъта царди нæуæг комиуолæфт. Е нæ литературæмæ ’рбахаста нæуæг хуарæнтæ, феййевдзи кæнæн кæмæн нæййес, уæхæн мадзæлттæ æма сорæттæ, бæрзонд культурæ. Е ба ’й искурдиади фиццаг бæрæггæнæн.

Алим Кешоков æй, е ’сфæлдистади æцæг, фарнæхæссæг нæуæгдзийнæдтæмæ ка тундзуй, уæхæн финсæг. Уой гъæлæс фегъустонцæ Советон Цæдеси сауæнгæ тæккæ идарддæр рауæнти дæр. Финсæг бафтудта, æ цардæй фулдæр ке уарзуй, æ еци адæми намус æма кадæбæл. Алим Кешокови фæрци мингай киунугæкæсгутæ базонгæ ’нцæ кæсгон адæми уодигъæди кæдзосдзийнадæ, тухæ, циргъзунддзийнадæ, хæлар зæрдихатт æма бæгъатæрдзийнади хæццæ. Алим Кешокови исфæлдистадæ айдагъ поэзийæй нæ хецæн кæнуй. Раст зæгъгæй, мæхуæдæг æмдзæвгитæ ке финсун, уомæ гæсгæ фулдæр дзурдтон æмдзæвгити туххæй. Алимæн еугурцæдесон киунугæкæсгутæ устур аргъ искодтонцæ æ роман «Вершины не спят»– æн. Уоми æвдист æрцудæнцæ медтугъди цаутæ. Романи кой идæрдтæбæл райгъустæй. Цубур рæстæгмæ уагъд æрцудæй цалдæр хатти. Алим Кешоков ниффинста берæ зæрдæмæгъаргæ публицистон æма литературон статьятæ.

***1969 анз.***

* * *

***Кæронбæттæни ба ма уин уой зæгъуйнаг ан, æма Алим Кешоковæн лæвæрд æрцудæй Социалистон Фæллойни Бæгъатæри ном (1990), Ленини дууæ ордени, Фæллойнадон Сурх турусай æртæ ордени, Октябри революций, Адæмти Хæлардзийнади «Кади Нисан»-и, Устур Фидибæстон тугъди I къæпхæни ордентæ, майдантæ. Адтæй Кæсæг-Балхъари адæмон поэт. Æ ном хæссуй Нальчикки сæйраг гъæунгтæй еу, аци сахари бæрæгастæу ин æвæрд æрцудæй циртдзæвæн. Мæнæ дæлдæр ба мухур кæнæн Алим КЕШОКОВИ æмдзæвгитæй еу, ирон æвзагмæ ’й ратæлмац кодта ХЪУЛАТИ Кермен.***

* * *

*Æнцон фæндаг нæ уыд, æмбал, мæнæн,*
*Хылдтæн æз хæхтæм, къæдзæхтæм æдæрсгæ.*
*Куы-иу мæхæдæг раздзог дæр фæдæн,*
*Куы та лæгæрстон раздзогæн йæ фæстæ.*

*Зын фæндæгтæм æмхиц кæм вæййы фарн,*
*Уый фидарæй мæ зæрдæмæ æз хастон.*
*Хъызт рæстæг никуы бацагуырдтон хъарм,*
*Мæхи æнтæф бон сатæгмæ нæ ластон.*

*Нæ бæстæйыл куы айхъуысти фыдуац,*
*Куы кодтой знæгтæ зилæнтæ нæ сæрмæ, –*
*Æз кодтон семæ хотыхтæй ныхас,*
*Фæсырдтон сæ сæ лæгæты къæсæрмæ.*

*Æрыздæхтæн. Тызмæг рæстæг фæцис:*
*«Дунейы фарн, сабыр цардыл нæ бафтау!»*
*Мæ къухтæм райстон топпы бæсты сис, –*
*Æмдзæвгæтæ фыстон рæнхъон салдатау.*

*Куы мын загътой: «Дæ нысанмæ, хæлар,*
*Кæй тындзыдтай цæсгомджын æмæ рогæй,*
*Гъе, уый тыххæй дын мах кæнæм лæвар:*
*Куыд уыд дæ фæндаг, афтæ райдай ногæй».*

*Зæгъын сын: «Нæ, æндæр у ныр нæ уаг.*
*Мæн ног фæндæгтæ басгарын æрфæндыд.*
*Æмæ та мыл æрцыд рæдыд, мыййаг, –*
*Уæд – ног хуызы мæ рæдыд дæр, мæ рæдыд!»*

**Номдзуд театралон архайæг, Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ, Икъати Серафимæ Геуæргий кизги райгурдбæл 29 августи исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1909-1993).**

* * *

*Иногда кажется, сел бы машину, плюнул бы на все и уехал бы далеко-далеко... Одно останавливает – машины нет.*

* * *

*Правильно говорить не «ленивый человек», а «человек с ограниченным желанием работать».*

* * *

*Говорят, что кошки и дрессировка несовместимы. Это неправда. Мой кот выдрессировал меня за два дня.*

# АМБРОЗИ – ТÆССАГ ЗАЙÆГОЙ

***Сæрдигон мæйти нæ алфамбулай бунæттæмæ ку ракæсæн, уæд сæ фæуууиндзинан аййев гъолон-молон фæлустгондæй. Фал, махæн зæрдрохси æнкъарæнтæ æма æнæнездзийнадæ ци хæссуй, еци алæмæти рæсугъд зайæгойтæмæ хæстæг ахид фæуунæн фæууй, хецæн адæймæгутæн гъезæмæрттæ ка 'взарун кæнуй, уæхæн хæмпæлгæрдæгутæ.***

Дзубанди цæуй, махæй алкедæр хъæбæр хуарз ке зонуй, еци æнæхайири амброзибæл. Фиццагидæр фæззиндтæй Цæгат Америки, фæстæдæр ба ниппурхæ 'й берæ æндæр бæститæбæл, æма нуртæккæ алкæмидæр нимад æй карантинон зайæгойбæл. Цæмæн ку фæрсайтæ, уæд деденæг калуни рæстæг æ ругæ аллергион нез – поллиноз, зæгъæ, ке 'взурун кæнуй, уой туххæй. Адæймаг уомæй хъæбæр фехснирсуй, гъостæ æма фий рахгæнунцæ, цæстисугтæ фæккæлунцæ, сæр фæрресуй, фулдæр хатт бауæри тæвдæ уæлæмæ исхезуй. Уомæй уæлдай амброзий ругæй сæйгæ кæнунцæ хъури астмæй, æндæр уæззау нездтæй.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министради нин куд радзурдтонцæ, уотемæй поллинозæй сæйгити бæрæггæнæнтæ (100 мин цæрæги хигъдмæ) кæд Цæгат Иристони дæлдæр æнцæ Цæгат Кавкази федералон зилди, уæддæр рæстæмбес нимадæй 30 проценти фулдæр æнцæ, Уæрæсей цæйбæрцæ 'нцæ, уомæй. Специалисттæ фæстаг рæстæг фæдеси дзæнгæргутæ цæгъдунцæ: кæд æрæги дæр ма амброзий деденгути ругæ хъор кодта хестæр адæми, уæд нур ба



диагноз «поллиноз» исæвæрунцæ минкъий сувæллæнттæн дæр.

Цума уотæ цæмæн æй? Сæйраг анхосæгтæй еуей специалисттæ бæттунцæ амброзий хæццæ – зайæгойти 'хсæн тæккæ карздæр незæвзæрунгæнæги хæццæ. Уомæн æма е дзенети рауæн иссирдта нæ республики бæркадгин зæнхæбæл. Куд зонæн, уотемæй амбрози æ буни фæккæнуй хумтæ, рæзæдæнттæ, æма уомæй бæлвурд минкъийдæр фæууй гъæууонхæдзарадон культурти тиллæг. Еу сезонмæ е гектарæй дон бацъируй 900 тонни.

Раздæри æнзти амброзий хæццæ тохмæ кæнунмæ адтæй устур æргом здæхт. Хецауади бунæттон оргæнтæ унаффæ рахастонцæ аци тæссаг зайæгойти нихмæ мадзæлттæ исаразуни туххæй. Санитарон службитæ ба организацити минæвæртти хæццæ бæрæг кодтонцæ уавæр, æма, амбрози кунæггонд кæми нæ цудæй, еци кустуæтти разамонгутæ æма хе хæдзарæдти хецæутти ивар кæнун багъудæй.

Гъулæггагæн, нур уæхæн архайдæн æ кой, æ гъæр дæр нæбал ес, æма амбрози дæр кæми нæ фæззиннуй, еу уæхæн бунат нæййес. Фал æ нихмæ тох кæнун æнцон нæй. Афойнадæбæл дæрæнгонд ку не 'рцæуй, уæд деденæг калун райдайуй июли дуккаг æмбесæй сауæнгæ æрæгвæззæгмæ. Еу зайæгой ба тæккæ фулдæр раттуй 100 мин муггаги, æма кæд дуккаг анз сæ фулдæр хай нæ разайуй, уæддæр сæ цардгъондзийнадæ гъæуайгонд æрцæуй 40 анзей бæрцæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, амбрози фесафунæн ахсгиаг хуасæ 'й химион бауæргъæдтæй (гербицидтæй) бапурф кæнун, цæмæй æ кой, æ гъæр мабал уа зæнхæбæл. Фал нуртæкки царди уæхæн мадзал æй хъæбæр хъазар, фæрæзнитæ ба нæййес. Уомæ гæсгæ аци зайæгой кунæг кæнунæн хуæздæр мадзал æй бундзарæй æй исæскъунун, сæрди æма 'й фæззæги мæйти уæлæмæ искæсун нæ уадзун. Гъæуама бунæттон хеунаффæйади администрацити разамонгутæ иронх ма кæнонцæ, е адæми æнæнездзийнадæ багъæуай кæнунæн æ хуæздæр хуасæ ке 'й, æма аци кустмæ рæвдзæ фæллæууун ке гъæуй, уони.

# СÆРДИ ТÆВДИТИ УÆХЕ ГЪÆУАЙ КÆНЕТÆ!..




***Тъæнгти незтæ 'нцæ уæззау инфекцион хуæцгæ незтæ, уонæмæ хаунцæ: губуни тиф, паратифтæ, губуннез (дизентерия), халерæ æма иннетæ. Сæ расайæг микроорганизмтæ тъæнгтæй ку рацæунцæ, уæд бахаунцæ зæнхæмæ, донмæ, хуæруйнагмæ, уоми берæ рæстæг фæцæрунцæ æма уотемæй адæймаги æнæнездзийнадæн фæуунцæ тæссаг.***

Тъæнгти незтæ расайæг инфекцихæссæг æй аци незтæй сæйгæ адæймаг. Уомæй багъæуай кæнунæн ес, санитарон мадзæлттæ æма гигиени хуматæг домæнтæ æнхæст кæнгæй. Уони ка не 'нхæст кæнуй, уæхæн сæйгæ цæбæлфæндидæр къохтæй бамбæлгæй ибæл ниууадзуй микробтæ. Уой фæсте ибæл æнæнез адæймаг ку бамбæла, уæд микробтæ байзайунцæ æ къохтæбæл, идарддæр ба гъæлæсмæ бахъæртдзæнæнцæ, уæлдайдæр, адæймаг æ къохтæ ку не 'хсна, æ нихтæ ку 'хсина, уæд. Сувæллæнттæбæл тъæнгти нез ахид бацæфсуй, алцидæр сæ гъæлæсмæ ке есунцæ, уой туххæй. Уотемæй хæлеу кæнунцæ тъæнгти инфекцитæ.

Еуæй-еу хуæруйнæгтæ, зæгъæн, аллихузон салаттæ, паштеттæ, фарш уæлдай хуарз æнцæ микробти парахаттæн. Уæхæн хуæруйнæгтæн уазалгæнæни дæр берæ дарæн нæййес. Губуннез æма тъæнгти æндæр незтæ ахид бацæфсунцæ цъумур рæзæ æма халсартæй. Уæлдай тæссагдæр æй хуæргæнасæй, пъамидорæй, фæткъу æма æндæр рæзæ æма халсартæй, уомæн æма сæ тæвдæ дони нæ фехснунцæ. Тъæнгти незтæ фæззиннунцæ хом æхсир ниуазуни фудæй, сауæнгæ дони фудæй дæр. Уаруни æма æндæр цъумур дæнттæ ахид бахаунцæ, æ сæр хуарз æхгæд кæмæн не 'рцудæй, уæхæн донуæттæмæ кенæ, хуарз арæзт ка не 'рцудæй, уæхæн цъайтæмæ.

Инфекци парахатгæнгутæ 'нцæ биндзитæ дæр. Карз инфекцион тъæнгти незтæй адæм ахиддæр сæйгæ кæнунцæ сæрдигон. Уонæй багъæуай кæнуни мадзæлттæ 'нцæ хуматæг, фал зæрдæбæлдаруйнаг:

– фиццагидæр, къохтæ алкæддæр гъæуама уонцæ кæдзос, æхснун сæ гъæуй хуæрди размæ, хуæруйнаг кæнуни райдайуни размæ, сувæллонæн хуæруйнаг даруни размæ, иуазæргонæй алли рацуди фæсте дæр;

– халсартæ, рæзæ, гагарæзæ хуæрун æнгъезуй, цалдæр донеми сæ ку нихснайтæ, уæдта сæбæл фицгæ дон ку рауадзайтæ, айдагъдæр уой фæсте;

– æ сæр игон кæмæн æй, уæдта, æ уавæр зæрдæдзоргæ кæмæн æй, уæхæн донуат кенæ цъайæй ниуазуни дон гъæуй фицун;

– æхсир дæр гъæуй фицун;

– кæми цæретæ, еци бунати кæдзосдзийнадæ гъæуай кæнетæ;

– биндзæ хæдзарæмæ ма уадзетæ, хуæруйнæгтæ гъæуай кæнетæ, биндзæ сæбæл куд не 'рбада, уотæ;

– губуннез минкъийдæр бафеппайгæй, дохтирмæ батагъд кæнетæ, адæймаг æхуæдæг æхе дзæбæх кæнун райдайа, уомæн æруадзæн нæййес.

Аци хуматæг амундитæ æнхæст кæнгæй, тъæнгти инфекцийæй уæхе багъæуай кæндзинайтæ.

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ, ПЕНСИЕСГУТÆН БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**

**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1873**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 30.08.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 30.08.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**